

**VIL NEW YORK**  
**BIWO OPERASYON MAJISTRA A**  
**AVI YON ODYANS AK PERYÒD KÒMANTÈ PIBLIK**  
**PLAN AKSYON ANYÈL YO PWOPoze POU ANE 2023 A**

POU TOUT AJANS, KONSÈY KOMINOTÈ, GWOUP, ANSANM AK MOUN KI ENTERESE YO:

Konfòmman ak règleman 24 Kòd Règleman Federal (Code of Federal Regulations, CFR) 91.105 ki nan Plan Konsolide Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini a (Housing and Urban Development, HUD) konsènan patisipasyon sitwayen an, Biwo Operasyon Majistra a (Mayor's Office of Operations), ansanm ak ajans ki responsab pou aplike *Plan Aksyon Anyèl* (Annual Action Plan) New York la te rive pwograme yon:

Y ap fè yon odyans an pèsòn ak vityèl **Jedi 20 Jiyè apati 6:00-7:00 pm** pou *Pwopozisyon Plan Aksyon Anyèl 2023* . **Peryòd Kòmantè Piblik 30 jou** sou *Plan Aksyon Anyèl 2023 Pwopoze a se Lendi 10 Jiyè 2023 – Mèkredi 9 out 2023* .

**Manm piblik la ka patisipe nan odyans lan swa an pèsòn oswa vityèlman. Enfòmasyon sou lyen pou odyans vityèl la ak adrès odyans an pèsòn lan anba a.**

**Depatman Planifikasyon Vil (Department of City Planning) la envite w nan yon reyinyon ki pwograme sou Zoom**

Webinar ID: 849 1964 7429

Lien ZOOM pou patisipasyon Piblik la:

<https://us06web.zoom.us/j/84919647429?pwd=SHAzL1kwTmcyYm1PdkdzNVNLNUZ6dz09>

**Depatman Planifikasyon Vil la ap envite w nan yon reyinyon ki pwograme an pèsòn**

NYC City Planning Commission Hearing Room,  
Lower Concourse, 120 Broadway, Manhattan.

Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Department of Housing and Urban Development, HUD) Etazini an egzije *Plan Aksyon Anyèl* yo Pwopoze a. Li konsolide egzijans lejislatif Estrateji Global pou Aksesibilite nan Lojman ki nan Lwa Cranston-Gonzalez sou Lojman an (Cranston-Gonzalez Housing Act), ansanm ak aplikasyon anyèl Vil la pou pwogram admisibilite Biwo Planifikasyon ak Devlopman Kominotè a (Office of Community Planning and Development): Sibvansyon Blòk pou Devlopman Kominotè (Community Development Block Grant, CDBG), Patenarya Envestisman HOME, Sibvansyon pou Solisyon ann Ijans (Emergency Solutions Grant, ESG), ansanm ak Opòtinite Lojman pou Moun ki gen SIDA (Housing Opportunities for Persons with AID, HOPWA).

Plan Aksyon yo pwopoze a pa sèlman sèvi aplikasyon pou finansman pou Vil la, men li sèvi aplikasyon pou sibvansyon HOPWA pou Zòn Estatistik Metwopoliten HOPWA New York ki Elijib la (HOPWA EMSA). HOPWA EMSA pral gen ladan l senk awondisman ki fè pati Vil New York, ansanm ak twa konte nan nò eta New York (Westchester, Rockland ak Putnam).

Yo te pwograme Odyans Piblik la pou yo kapab jwenn kòmantè sou plan yo pwopoze an ak sou fason Vil la itilize fon federal yo pou l reponn ak bezwen lojman, sèvis pou moun ki sanzabri yo, sèvis pou sipò lojman, ansanm ak bezwen devlopman kominotè yo, pwomosyon pozitif pou lojman ekkitab, ansanm ak devlopman aktivite yo pwopoze yo. Epitou, reprezantan ajans yo ka resevwa kòmantè sou fason Vil la jere aktivite Plan Konsolide yo pandan ane 2022 an.

Pou w kapab gen aksè ak plan sa a, tanpri, ale sou paj nou an nan:

<https://www.nyc.gov/site/operations/projects/consolidated-plan-annual-performance-reports.page>

An 2023, Vil la te resevwa **\$310,374,179** nan fon dwa pou kat pwogram sibvansyon admisibilite fòmil HUD yo: **\$169,345,195 pou CDBG; \$80,485,864 pou HOME; \$45,930,651 pou HOPWA; ak \$14,612,469 pou ESG.**

Kesyon konsènan *Plan Aksyon Anyèl* Vil Nouyòk ta dwe voye bay Lisa Rambaran, Manadjè Pwogram Plan Konsolide Vil Nouyòk la, [conplannyc@cityhall.nyc.gov](mailto:conplannyc@cityhall.nyc.gov).

Tanpri enskri pou w sou lis imèl nou an lè w voye yon imèl ba nou nan [conplannyc@cityhall.nyc.gov](mailto:conplannyc@cityhall.nyc.gov).

Si ou pa kapab jwenn aksè nan imel, tanpri voye enfòmasyon kontak ou alekri. **Kòmantè yo ka soumèt bay [conplannyc@cityhall.nyc.gov](mailto:conplannyc@cityhall.nyc.gov) oswa pa lapòs nan adrès sa a:**

Lisa Rambaran  
Biwo Operasyon Majistra a  
253 Broadway 10<sup>th</sup> Floor  
New York, New York 10007

Vil New York:

Eric Adams, Majistra  
Daniel Steinberg, Direktè, Biwo Operasyon Majistra a

Dat: 29 Jen 2023